giñ naa ci ki sama bakkan nekk ci loxoom, daa naka rekk Iisaa Ibn Maryama wàcc ci yeen di ab àttekat bu màndu, di toj kurwaa yi, di ray mbaam-xuux yi, dindi galag gi(empo) bi, alal daal di baawaan ba kenn soxlawu ko

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «giñ naa ci ki sama bakkan nekk ci loxoom, daa naka rekk Iisaa Ibn Maryama wàcc ci yeen di ab àttekat bu màndu, di toj kurwaa yi, di ray mbaam-xuux yi, dindi galag gi(empo) bi, alal daal di baawaan ba kenn soxlawu ko».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day waat ci ne wàccug Hisaa Ibn Maryama -yal na ko Yàlla dolli jàmm- jege na day wàcc di àtte ci diggante nit ñi cig màndute ci Sariihab Muhammat, Ak ne dana toj kurwaa yi nasaraan yi di màggal, Ak ne Hisaa-yal na ko Yàlla dolli jàmm-dana ray mbaam-xuux yi, Ak ne moom dana dindi lempo digal nit ñépp ñu dugg ci Lislaam. Ak ne alal dana baawaan ba kenn du ko jël; ndax bariwaayam, ak doylug kenn ku ne ci li mu am, baarke wàcc yiw yi toftaloo.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/65025